दिन–रवि दिनांक–01.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रीय जनता दलक दिस सँ देशभरि मे जाति आधारित गणना करायब आ बिहार मे विस्तारित आरक्षण के नवम् अनुसूची मे सम्मिलित करबाक मांग के लऽकऽ आइ सभ प्रखंड आ जिला मुख्यालय मे धरना–प्रदर्शन कयल गेल। समस्तीपुर, सीतामढ़ी, बक्सर सहित प्रदेशभरि मे आयोजित धरना मे पार्टीक सांसद विधायक आ पैघ संख्या मे कार्यकर्ता सम्मिलित भेलाह।

---

भाजपा राष्ट्रीय जनता दलक विरोध प्रदर्शन के सियासी नाटक जनौलक अछि। पार्टीक प्रदेश महामंत्री शिवेश राम कहलनि जे आरक्षण के लऽकऽ राष्ट्रीय जनता दल लोक सभ के भ्रमित करबाक प्रयास कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के रहैत आरक्षण सँ कखनहुँ समझौत नहि होयत। एम्हर, पार्टी प्रवक्ता नीरज कुमार कहलनि जे राष्ट्रीय जनता दलक लोक सभ जातिगत सर्वे के श्रेय लेबाक प्रयास कऽ रहलाह अछि। ओतहि, जदयूक कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष संजय झा कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार विस्तारित आरक्षणक सीमा के लागू करबाक लेल आवश्यक कार्रवाई कऽ रहलाह अछि।

---

राजदक वरिष्ठ नेता आ पूर्व मंत्री श्याम रजक आइ जदयूक सदस्यता ग्रहण कयलनि। पार्टीक कार्यकारी राष्ट्रीय अध्यक्ष संजय झा हुनका सदस्यता दियौलनि। एहि अवसर पर प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा आ वरिष्ठ मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव सेहो उपस्थित छलाह। एम्हर, जदयूक राष्ट्रीय प्रवक्ता के.सी. त्यागी अपन पद सँ इस्तीफा दऽ देलनि अछि। पार्टीक राष्ट्रीय सचिव अफाक अहमद खान कहलनि जे हुनक स्थान पर राजीव रंजन प्रसाद के राष्ट्रीय प्रवक्ताक पद पर मनोनीत कयल गेल अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय इलेक्ट्रॉनिक आ सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि जे सरकार देश मे टिकाऊ इलेक्ट्रॉनिक कल–पूर्जाक निर्माण के बढ़ावा देबाक योजना आनत। ओ नव दिल्ली मे आयोजित एक कार्यक्रम मे कहलनि जे भारत मे प्रयोग कयल जा रहल निनानवे प्रतिशत सँ बेसी मोबाईल फोन देश मे बनाओल जा रहल अछि आ एहि वर्ष एप्पल सेहो अपन नव फोन भारत मे बनाओत। श्री वैष्णव कहलनि जे सरकार अपन तेसर कार्यकाल मे रेल, सड़क, हवाई अड्डा आ बंदरगाह सँ जुड़ल दू ट्रिलियन डॉलरक परियोजनाक के मंजूरी देलक अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय श्रम आ रोजगार मंत्री मनसुख मांडविया कहलनि जे सरकार असंगठित क्षेत्रक मजदूर सभ के सामाजिक सुरक्षाक दायरा मे अनबाक लेल विभिन्न संभावनाक तलाश कऽ रहल अछि। केन्द्रीय मंत्री नव दिल्ली मे कहलनि जे सरकार एहि मजदूर सभ के सामाजिक सुरक्षा उपलब्ध करेबाक लेल व्यापक नीति पर काज कऽ रहल अछि।

———————————————————————

भारतीय सूचना सेवाक वरिष्ठ अधिकारी प्रज्ञा पालीवाल गौड़ आइ आकाशवाणी समाचार सेवा प्रभागक महानिदेशक के रूप मे कार्यभार ग्रहण कयलनि। निवर्तमान महानिदेशक मौसमी चक्रवर्तीक सेवानिवृत्त होयबा पर हुनका एहि पद पर नियुक्त कयल गेल अछि।

———————————————————————

राष्ट्रीय अन्वेषण अभिकरण–एनआईए प्रतिबंधित संगठन सीपीआई–माओवादीक बिहार मे सात स्थान पर छापामारी कऽ आपत्तिजनक डिजिटल उपकरण, दस्तावेज आ गोल–बारूद बरामद कयलक अछि।

———————————————————————

एसएसबी आ नेपालक एपीएफ के अधिकारी सभक बैसक सुपौल जिलाक वीरपुर मे भेल। एहि दरमियान नशीला पदार्थक तस्करी के रोकबा, अवैध अवागमन आ सीमा पर अतिक्रमण सँ जुड़ल विषय पर चर्चा भेल। एहि दरमियान अधिकारी लोकनि दुनू देशक मध्य साझा रणनीति बनेबा पर बल देलनि।

———————————————————————

मौसम विभाग मधुबनी, दरभंगा, समस्तीपुर, वैशाली, सारण, औरंगाबाद, अरवल आ भोजपुर सहित पदेशक कतेको भाग मे वर्षाक संभावना जतौलक अछि। मौसम विभागक अनुसार बंगालक खाड़ी मे एक चक्रवाती परिसंचरणक स्थिति बनल अछि जकर प्रभाव सँ प्रदेशक दक्षिण—पूर्व भाग मे वर्षाक परिस्थिति बनि रहल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्रक अनुसार राज्यक दक्षिण भाग मे किछु स्थान पर मेघगर्जन आ वज्रपातक आशंका के देखैत येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

गंगा, बूढ़ी गंडक आ कोसी सहित राज्य सँ भऽकऽ गुजरवाली अधिकांश नदीक जलस्तर मे उतार—चढ़ावक क्रम जारी अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदी पटनाक गांधीघाट मे खतराक निशान सँ एकावन सेंटीमीटर आ हथिदह मे अड़तालीस सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। नदीक जलस्तर भागलपुरक कहलगांव मे लाल निशान सँ पैंसठि सेंटीमीटर ऊपर दर्ज कयल गेल। एम्हर, बूढ़ी गंडक नदी खगड़िया मे खतराक निशान सँ सत्रह सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। ओतहि कोसी नदीक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा मे खतराक निशान सँ उन्नैस सेंटीमीटर आ कटिहारक कुर्सेला मे बहत्तरि सेंटीमीटर ऊपर रिकार्ड कयल गेल।

———————————————————————

समाप्त